

ÈD DISPONIB, 24èdtan
sou 24/7 jou sou 7

Èske Ou te Konnen?

- **Yo ka fè trafik ak nepòt moun,** sa gen ladan sitwayen ameriken, sitwayen etranje ak granmoun ak timoun nepòt laj, idantite seksyèl oswa oryantasyon seksyèl.
- **Nepòt moun ka yon trafikan,** san retire yon moun ou fè konfyans.

Jwenn plis enfòmasyon sou vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks nan www.nyc.gov/endgbv

Jwenn Èd

Si ou panse oumenm oswa yon moun ou konnen rankontre nepòt nan sa yo, oswa ou pa fin konnen, ou kapab jwenn èd.

Rele Liy Dirèk NYC 24-èdtan sou 24 pou Victim Zak Kriminèl (1-866-689-HELP oswa 4357), oswa Liy Nasional pou Trafik Moun (1-888-373-7888 / TTY 711 oswa voye yon tèks nan 233733) pou sèvis konfidansyèl ak sipò pou jwenn èd epi rete an sekirite.

Si ou an danje imedyat oswa si w vle rapòte yon zak, rele oswa ekri 911.

- **Rele Liy Dirèk NYC 24-èdtan sou 24 pou Victim Zak Kriminèl (1-866-689-HELP oswa 4357), oswa Liy Nasional pou Trafik Moun (1-888-373-7888 / TTY 711 oswa voye yon tèks nan 233733) pou sèvis konfidansyèl ak sipò pou jwenn èd epi rete an sekirite.**
- **Ale nan Anyè Resous NYC HOPE nan www.nyc.gov/NYCHOPE pou jwenn enfòmasyon ak pou jwenn resous pou vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks.**
- **Rele nepòt Sant Jistis Familyal NYC (Family Justice Center, FJC) pou resevwa èd gratis epi konfidansyèl.** FJC yo louvri lendi jiska vandredi, ant 9 a.m. ak 5 p.m., epi yo akeyi moun tout laj, oryantasyon seksyèl, ak idantite seksyèl, san gade sou sitiyasyon imigrasyon, revni oswa lang yo pale.

** Rele oswa ekri 911 nan yon ijans **

Bronx FJC (718) 508-1220

Brooklyn FJC (718) 250-5113

Manhattan FJC (212) 602-2800

Queens FJC (718) 575-4545

Staten Island FJC (718) 697-2800

Konprann
**TRAFIG
MOUN**

Jwenn
resous ak
Enfòmasyon



Biwo Majistra pou Elimine
Vyolans Domestik ak
Vyolans ki baze sou Sèks

Kisa Trafik Moun ye?

Trafik moun se itilizasyon pouvwa ak kontwòl pou fòse, twonpe oswa kontrenn yon moun angaje nan fè travay oswa bay sèvis, sa gen ladan fè sèks komèsyal.

Trafikan yo espligate inegalite sosyal ak ekonomik pou pwòp avantaj pa yo, avèk itilizasyon taktik tankou vyolans, manipilasyon emosyonèl ak menas sikolojik.

Trafik moun se yon zak kriminèl.

Andwa oswa endistri kote yo rapòte trafik moun souvan nan Eta New York gen ladan:

- Agrikilti
- Travay sèks komèsyal ki baze nanyon rezidans oswa otèl/motèl
- Konstriksyon
- Travay nan kay
- Sèvis eskòt
- Biznis masaj/spa ilegal
- Restoran ak sèvis manje

Jwenn plis enfòmasyon sou vyolans ki baze sou sèks ansanm ak sou trafik moun nan www.nyc.gov/endgbv

Èd disponib -
24 èdtan pa jou,
7 jou pa semèn

Èske Ou Menm oswa Yon Moun Ou konnen...?

- gen gwo dèt pou yon patwon oswa yon trafikan?
- pa touche pou travay ou fè?
- fòse viv ak travay sou plas, fèmen, anba kontrent fizik, oswa sibi tòti nan travay?
- gen yon moun ou fè konfyans k ap fòse oswa ankouraje ou fè komès sèks pou peman?
- gen yon patwon, manadjè, oswa antremetè k ap siveye oswa suiv ou?
- ou ap travay pou yon moun ki kontwole lajan, dosye finansye oswa kont labank ou?
- ap travay pou yon moun ki kontwole dokiman idantifikasyon ou, tankou yon ID oswa paspò?

Fason pou Ede yon Zanmi

- Kwè yo epi fè yo konnen se pa fòt yo
- Fè yo konnen ou gen sousi pou byennèt yo
- Mande yo kisa yo bezwen ak kisa ki ta ka itil yo
- Koute ak respekte chwa yo menm si ou pa dakò
- Ofri chwa ak enfòmasyon sou resous yo

Rele Liy Dirèk NYC 24-èdtan sou 24 pou Victim Zak Kriminèl (1-866-689-HELP oswa 4357), oswa Liy Nasyonal pou Trafik Moun (1-888-373-7888 / TTY 711 oswa voye yon tèks nan 233733) pou sèvis konfidansyèl ak sipò pou jwenn èd. epi rete an sekirite.

Si ou an danje imedyat oswa si w vle rapòte yon krim rele oswa ekri 911.

Ou gen dwa pou fè pwòp chwa ou ak pran pwòp desizyon ou.